# CENTRE FOR EDUCATION INNOVATION RESEARCH AND DEVELOPMENT (CEIRD)

# GWARO RECHIBVUMIRANO PAKATI PECENTRE FOR EDUCATION INNOVATION RESEARCH AND DEVELOPMENT (CEIRD) NEVAINOSHANDIDZANA NAYO

## NHUNGAMIDZO YEMUKURU WESAINZI

Zvinondifadza zvikuru kupa Gwaro rino reChibvumirano pakati peCEIRD neVainoshandidzana nayo. Gwaro iri rinoratidza kuzvipira kwedu kuzere mukuwanisa betsero dzemhando yepamusorosoro kune vese vatinoshandidzanaa uye vatinodyidzana navo. Gwaro rino rinoburitsa pachena zvinotarisirwa pabasa redu pese patinoita basa, pamwe nezvinotarisirwa nesu kune vatinoshandidzana navo.

Mugwaro rino, muchawana ruzivo rwakadzama pamusoro pezvinotevera:

- Isu tiri ani
- Zvamungatarisira kubva kwatiri uye zvatinotarisira kubva kwamuri
- Mhando yemabasa atinoita
- Nzira dzatinoshandisa kutaurirana
- Nzira dzatingashandisa kuti tibetserane zviri nani

Tinoziva kuti kuzadzisa zvinangwa zvedu kunoda kushanda pamwe chete nevatinodyidzana navo uye vatinoshandidzana navo munzira dzatinoshanda nadzo. Kuumbwa kwegwaro rino rechibvumirano pakati pedu nevatinoshandidzana navo kunoratidza kuzvipira kwedu mukuwanisa mabasa emhando yepamusorosoro zvichienderana nenzira dzakanaka, mitemo yenyika, uye mirau inotarisirwa. Chinangwa chedu ndechekuenderera mberi nekuvandudza mafambisirwo emabasa edu kuti vatinoshandidzana navo vagutswewo uye kusimudzira ukama husingaperi hwakavakirwa panheyo yekuvimbana uye rukudzo rwemumwe nemumwe.

Mashoko enyu pamusoro pemafambisiro edu ezvibetsero zviri mugwaro rino akakosha zvikuru. Ndinokukurudzirai mose kuti mugoverane maonero enyu uye zvamunenge makasangana nazvo, kuitira kuti tirambe tichigadzirisa nekuvandudza mabasa edu kuti adyidzane nezvamunoda. Ndapota shandisai nzira dzatakapa pamagumo egwaro rino dzokupa mashoko.

**Dr. E. Matandirotya**
**AKAFANOBATA CHINZVIMBO CHEMUKURU WESAINZI**

## 1. MUSUMO

Centre for Education Innovation Research and Development (CEIRD) inzvimbo yakasarudzika inobetsera mukuunza hunyanzvi hutsva nekumisikidza maindasitiri, yakamisikidzwa pasi peMutemo weNzvimbo yeDzidzo Unyazvi Hutsva Tsvakurudzo neBudiriro Centre for Education Innovation Research and Development Act [25:34] wa2021 muZimbabwe. CEIRD inobatanidza zvikamu zvehurumende nevevakazvimirira, ichisimudzira hunyanzvi hutsva hune chekuita netsika nenhaka uye kufambisa shanduko mune zvehupfumi nezvemagariro. Zvinangwa zveCEIRD zvakagadzirwa kuti zvive nechekuita munzvimbo dzakakosha dzehupfumi nezvemagariro muZimbabwe. Kuburikidza netsvakurudzo, hunyanzvi hutsva, uye kuvandudza tekinoroji, CEIRD inovavarira kugadzira mabasa ehunyanzvi hwetekinoroji kune vakapedza zvidzidzo, kusimudzira ukama pakati pezvikoro zvedzidzo yepamusoro, maindasitiri, nenharaunda mune zveinjiniyarin'i, tekinoroji, uye hunyanzvi hutsva, uye kumisikidza nharaunda inokoshesa hunyanzvi hutsva.

## 2. MUONO

Kukurumidza chirongwa chekumisikidza maindasitiri chenyika kuburikidza nekuvandudza sainzi netekinoroji panosvika gore ra2030.

## 3. DONZVO

Kupa nharaunda inokoshesa hunyanzvi hutsva nekumisikidza maindasitiri kuburikidza netsvakurudzo yakanangana nezvinodiwa, yakanyatsorongwa, uye yekushandidzana pamwe chete.

## 4. CHINANGWA

CEIRD inoshanda sechombo chenyika chinosimudzira hunyanzvi hutsva nekumisikidza maindasitiri muZimbabwe. Mabasa ayo ndeanotevera:

i. Kutsigira kuvandudzwa nekuratidzwa kwezvigadzirwa, maitiro, uye mabasa ane chekuita netekinoroji

ii. Kugadzira mabasa ehunyanzvi hwetekinoroji mune zvehupfumi, kune vakapedza zvidzidzo kubva kuzvikoro zvese zvedzidzo yepamusoro muZimbabwe

iii. Kupa mhinduro kumtambudziko ane chekuita netekinoroji kumaindasitiri emunharaunda uye kuunza mari

iv. Kusimudzira nekukurudzira zvikoro zvedzidzo yepamusoro, maindasitiri nenharaunda kushanda pamwe chete mune zvetekinoroji, uye hunyanzvi hutsva.

v. Kugadzira nharaunda inokoshesa hunyanzvi hutsva uye mabhizimusi etekinoroji uye kubatanidza hupfumi hweZimbabwe neindasitiri pamwe nehunyanzvi hutsva hwepasi rose.

vi. Kuwedzera kugadzira zvinhu kuburikidza neSainzi, Tekinoroji, uye Masvomhu muzvikamu zvehupfumi nezvemagariro muZimbabwe.

vii. Kumisikidza zvipandi zveCEIRD mumatunhu ose eZimbabwe zvichitarisa zvirongwa zvakakosha zvezvikamu zvinokosha zvehupfumi nezvemagariro zvinosanganisira asi zvisina kuganhurirwa ku: Utano nenharaunda, Dziviriro neChengetedzo, Zvokufambisa nezvekutakura, Kugadzira nekupa mabasa, Tekinoroji yeruzivo nekutaurirana, Simba nezvinowanikwa muzvakasikwa, Sainzi yenzvimbo, yendege neyemuchadenga, zvokudya, Zvemagetsi nemichina, Kugadzirira mamiriro ekunze, mvura nehutsanana, Kurima kwakachenjera, uye sainzi

viii. Kuronga nekuparura zvirongwa zvinoshanda pamwe chete pakati pemayunivhesiti, makoreji eVadzidzisi, makoreji emibato yemaoko mizhinji, nzvimbo dzekudzidzira Mabasa, uye nzvimbo dzekutsvakurudza nehunyanzvi hutsva mukugadzirisa matambudziko emunyika kuitira kuvandudza nekumisikidza maindasitiri muZimbabwe

ix. Kuvandudza mamiriro ehupfumi hweZimbabwe kuburikidza nekugadzira nekutengesa kunze kwenyika zvigadzirwa zvehungwaru

## 5. ZVATINOKOSHESA

Zvatinokoshesa zvinotevera  ndizvo zvinotungamirira CEIRD:

**Kushanda pamwe chete** [Kubatanidza zviwanikwa kuitira kufambisa mabasa nemazvo]

- Vatinoshandidzana nevatinodyidzana vakakosha mukurongwa kwehunyanzvi hutsva nebudiriro.
- CEIRD inoshanda nevainodyidzana navo, ichibatanidza maonero avo, zvinodiwa,

uye zviwanikwa kuitira kufambisa mabasa nemazvo.

- Tichasimudzira mweya wekushanda pamwe chete muzvirongwa kuitira kuwedzera budiriro uye kuona kuti vatinoshandidzana navo vanonzwa vachikosheswa

**Zvatinokoshesa** [Maitiro akarurama uye akagadzikana]

- Vashandi vedu vachabata vatinoshandidzana navo nenzira isina tsvete uye nehunyanzvi.
- Vashandi vedu vachateerera zvinodiwa nezvinonetsa vatinoshandidzana navo pasina rusarura.
- Vatinoshandidzana navo vanogona kuvimbana nesu pamazano akanaka uye mhinduro dzakagadzirirwa matambudziko avo.

**Kugona kumiririra** [Mabasa akarongeka uye anovimbwa nawo]

- Tinozvimiririra kune vatinoshandidzana navo kuburikidza nekuzadzisa zvatinovimbisa uye kufambisa mabasa nenzira yakajeka.
- Vatinodyidzana navo vanogona kutarisira rubatsiro runovimbika uye kutaurirana panguva dzakakodzera mukushandidzana kwedu.
- Tinokoshesa mashoko anobva kune vatinoshandidzana navo uye tinotora mutoro wezviito zvedu.

**Hunyanzvi Hwokugadzira Zvinhu Zvitsva** [Kufunga, kudzidza, nekuita zvitsva]

- Tinokurudzira vatinoshandidzana navo kuti vaite mifungo yekuumba zvitsva mukushandidzana pamwe chete nesu.
- Tinoita kuti vatinoshandidzana navo vakwanise kupikisa zviripo uye kugadzira zvinhu zvinopa mhinduro pamwe chete.

**Kuita Zvemhando yepamusoro** [Takazvipira kuva vepamusorosoro]

- Tinoedza kupa Mabasa emhando yepamusorosoro kune vatinoshandidzana navo.
- Tinokoshesa kuvandudza hunyanzvi neruzivo rwevashandi vedu kuitira kuti tigadzirire kusangana nezvinodiwa zvinoramba zvichichinja mukushandidzana

kwedu nevatinodyidzana navo.

## 6. MAUMBIRWO ECEIRD

CEIRD ine zvirongwa zvikuru zviviri, ine muzinda mukuru une mapazi anotevera:

**Chirongwa 1: Utongi neKufambisa Mabasa**

Chinangwa: Kuvandudza kugona kumiririra, uye kutevedzwa kwemitemo muhutongi nekurongwa kwemabasa.

**MADHIPATIMENDI**

a) *Rejisitiri*
- Bazi Revashandi: Kupinza vashandi vane hunyanzvi sezvinotarisirwa kuCEIRD
- ReTekinoroji: Kupa rubatsiro rwetekinoroji kuCEIRD.

b) *Bazi Rezvemari*: Kupa rubatsiro rwezvemari nekufambisa mabasa kuCEIRD

c) *Bazi Rekutenga Zvinhu*: Kutenga zvinhu nemabasa anodiwa neCEIRD nemazvo uye zvichienderana nemutemo uye nguva dzakatemwa.

d) *Bazi Rekushambadzira*: Kusimudzira zvirongwa, mapurojekiti, nemabasa eCEIRD; kuwedzera kuonekera kwesangano, zviiratidzo (brand) uye kudyidzana uye kutsigira hurongwa hwekutsvaka nekuwana zviwanikwa.

e) *Bazi rekuteverera nekuongorora*: Kutarisa nekuongorora mafambisirwo ezvirongwa nemapurojekiti eCEIRD; kuona kuti zvirongwa zvafambiswa zvichienderana nezvinangwa zvikuru.

**Chirongwa 2: Hunyanzvi Hutsva, hunyanzvi hwetekinoroji, nebudiriro yemaindasitiri**

Chinangwa: Kuvaka nharaunda inokoshesa tsvakurudzo yekushanda pamwe chete nekumisikidza maindasitiri.

**Madhipatimendi**

**i. Zvikamu ZveSainzi ndizvo zvinotevera:**

a. Bhayotekinoroji nejenomikisi

b. Sainzi yeNyukireya neTekinoroji

c. Sainzi yezvinhu netekinoroji

d. Zvicherwa netekinoroji yakanangana nezvicherwa

e. Dziviriro neChengetedzo

f. Zvokufambisa neZvekutakura

g. Sainzi dzenzvimbo, zvendege nezvemuchadenga

h. Tekinoroji vezvemagetsi, uye michina

i. Kurima neTekinoroji Yezvokudya

j. Nharaunda neSainzi dzemamiriro ekunze

**ii. Chikamu cheKumisikidzwa kweMaindasitiri**

a. Bazi Rebudiriro Yemaindasitiri: Kufambisa kumisikidzwa kwemaindasitiri matsva, kutsigira kuvandudzwa kwezvinhu zvine ukoshi, uye kufambisa kukura kwemaindasitiri.

b. Bazi Rebudiriro Yemabhizimusi: Kuona mikana yekuisa mari, kuvaka ukama, uye kuunganidza zviwanikwa zvine chekuita nemari nezvimwe.

c. Kutungamirira mapurojekiti: Kuronga uye kutarisa mapurojekiti ehunyanzvi hutsva nemaindasitiri kuti aendeswe zvichienderana nenguva dzakatarwa, mari dzakabvumirwa, uye zvinangwa.

CEIRD inotonga zvipandi zvakanangana nezvirongwa zvenyika zvezvikamu zvinokosha zvinobatsira hupfumi nezvemagariro. Chikamu chekutanga chekushanda kweCEIRD chine zvipandi gumi. Zvinotevera ndizvo zvipandi nemabasa azvo:

**a) Chikamu Bhayotekinoroji nejenomikisi**

Chipandi cheBiotechnology neGenomics chinotarisana nekutungamirira tsvakurudzo nehunyanzvi hutsva muBiotechnology neBiosainzi. Zvinobuda muchipandi chino zvichabatsirwa nekushanda pamwe chete kwezvikoro zvedzidzo yepamusoro, nzvimbo dzehunyanzvi hutsva, maindasitiri, uye indasitiri zvichitarisa kuvandudza tekinoroji dzinotsigira sainzi yeupenyu. Nzvimbo dzakanangwa ndeidzi: Biotechnology yekurima, Biotechnology yezvokurapa, Biotechnology yezvipfuyo, Mishonga yekurapa, kugadzira nhengo dzekubatsira (prosthetics), uye Injiniyaringi yemajini.

**b) Chipandi cheSainzi yeNyukireya neTekinoroji**

Chipandi cheSainzi yeNyukireya neTekinoroji chinovavarira kuongorora kushandiswa kwakachengeteka kwesainzi yenyukireya netekinoroji kuitira kuvandudza zvikamu zvesimba neutano. Muono wechipandi uchazadzikiswa kuburikidza nekuvaka hunyanzvi uye kushanda pamwe chete nezvipandi zvesainzi yenyukireya zvine mukurumbira. Zvinotariswa zvikuru zvinosanganisira Tekinoroji yeSimba reNyukireya, Nzira dzePamusoro dzeKuverengera Mufizikisi yeNyukireya, Chengetedzo yeNyukireya, Kuchengetedzwa Kubva Kumiranzi, uye Kutarisa miranzi Munharaunda.

**c) Chipandi cheMigodhi neTekinoroji yeZvicherwa**

Chipandi cheMigodhi neTekinoroji yeZvicherwa chinoona nezvekuongorora, kushandisa nzira dzakanaka dzinoenderera mberi dzekuchera zvicherwa uye kuwedzera ukoshi hwazvo. Mukushanda pamwe chete nenzvimbo dzetsvakurudzo yemigodhi uye indasitiri yemigodhi, nzvimbo iyi ichava muzinda wekuvandudza tekinoroji yemigodhi yokugadzira nekuwedzera ukoshi. Nzvimbo iyi ichatarisa nzira dzepamusoro dzekuchera nekuongorora, tekinoroji dzepamusoro dzekugadzirisa nekududzira mashoko ezviri munharaunda, uye tekinoroji dzekugadzira matombo anokosha nesimbi.

**d) Chipandi cheDziviriro neChengetedzo**

Chipandi cheDziviriro neChengetedzo chinoona nezvehunyanzvi hutsva hwekinoroji maererano nedziviriro nechengetedzo. Chipandi chichasimudzira kuvandudzwa kwemaitiro azare ezvemafambisirwa enjodzi, kubva pakudzivirira kusvika pakupa rubatsiro nekukurumidza. Zvirongwa zvinogadzirwa zvichakwanisa kutsigira matanho akasiyana enjodzi, zvakaita sokuziva nekukurumidza, kudzivirira, uye kuchengetedza kwakananga. Nzvimbo dzetsvakurudzo dzinosanganisira Tekinoroji yezvigadzirwa zvekunhuhwidza, Chengetedzo yepadandemutande, Mafambisirwo enjodzi, Tekinoroji dzinovheneka, uye kuchengetedza zvivakwa.

**e) Chipandi cheZvifambiso neTekinoroji yeZvekutakurwa kweZvinhu**

Chipandi cheZvokufambisa neTekinoroji yeZvekutakurwa kweZvinhu chinotarisana nekuvandudza kuvimbika kwekufambisa nekutakurwa kwezvinhu zvakasiyana. Izvi zvakanangana tekinoroji inotakurika uye nzira dzakasiyana dzezvifambiso. Zvichatariswa

zvinosanganisira Tekinoroji yeMotokari, Tekinoroji yeNjanji, ZveNdege neZvifambiso, Kufambiswa kweMashoko Muzvifambiso, Tekinoroji yeDhironi, uye mibatanidzwa yemigwagwa nenjanji.

### f) Chipandi cheSainzi yeZvinhu neTekinoroji

Chipandi ichi chichaona nezvetsvakurudzo nekuvandudza nzira dzinochengetedza zviwanikwa pakuzvigadzira uye kugadzirwa kwezvinhu zvitsva. Chipandi chichaona nzvimbo dzinosanganisira Tekinoroji yezvinhu, Tekinoroji yekugadzira zvinhu, Injiniya yezvigadzirwa, uye zvinhu zvidiki-diki. Chipandi ichi chichatsigira zvikamu zvakasiyana zvinoda zvinhu zvitsva uye zvinoshanda nemazvo.

### g) Chipandi cheSainzi yeNzvimbo, yeNdege neMuchadenga

Chipandi ichi chichaona nekuvandudza Sainzi yeNzvimbo uye Kuongororwa kwePasi, Sainzi yeMuchadenga, Injiniyaringi yeMuchadenga, Injiniyaringi yeNdege, uye Injiniyaringi yeKufamba Muchadenga. Maindasitiri anogona kuvepo anosanganisira Anogadzira Setiraiti, Tekinoroji yeKutaurirana neSetiraiti, Tekinoroji yeDhironi, uye Tekinoroji yeGIS.

### h) Chipandi cheTekinoroji yeRuzivo noKufambisa Mashoko, Zvemagetsi neMichina

Chipandi chichaona nezvematambudziko eTekinoroji yeRuzivo neKufambiswa kweMashoko uye zveMagetsi nemichina. Tsvakurudzo nehunyanzvi hutsva zvichatarisa nezvekugadzirwa kwemasofutiweya uye zvigadzirwa zvekuongorora umboo zvakagadzirirwa maindasitiri akasiyana, uye kubatanidza zvemagetsi nemichina kuitira kushanda mabasa epamusoro mumaindasitiri akasiyana. Chipandi chichabatsira mumaitiro emuindasitiri nekuwanisa zvinhu zvemagetsi nemutengo wakaderera kuitira kuvandudza mashandiro emaindasitiri.

### i) Chipandi cheKurima neTekinoroji yeZvokudya

Chipandi cheKurima neTekinoroji yeZvokudya chinoona nezvekuvandudza uye kutsigira tekinoroji dzinowedzera kugadzirwa kwezvekudya uye kuwedzera ukoshi hwezvirimwa. Nzvimbo dzakanangwa ndedzeTekinoroji yeKurima Kwakatsvinda, Nzira dzeChivanhu

dzeKugadzira Zvekudya, Tekinoroji yeKugaya neKugadzirisa, Kugadzirisa Zvekudya, uye Kuwedzera ukoshi hwazvo.

### j) Chipandi cheNharaunda neSainzi yeMamiriro eKunze

Chipandi ichi chinoita tsvakurudzo pamusoro penharaunda nemamiriro ekunze. Nzvimbo dzakanangwa dzinosanganisira Vanhu neNharaunda , Mvura neHutsanana, Kuchinja kweMamiriro eKunze, Kutirira uye Shanduko inofambirana neMamiriro eKunze, Kutarisa Mhando yeMhepo, uye Tekinoroji isingaburitse kabhoni.

## 7. MWERO WOKUZVIPIRA PABASA /ZVINOTARISIRWA KUBVA KUCEIRD

### i) Zvinotarisirwa Kuitwa neCEIRD uye Kodzero Kune Vainoshandidzana Navo

a) Kudaira runhare zvine ruremekedzo mukati mekurira katatu uye kugamuchira chichemo chevatinoshandidzana navo.

b) Kupindura mibvunzo padandemutande redu mukati memaawa makumi maviri nemana (24)

c) Kuzivisa nezvekugamuchirwa kwetsamba dzese (tsambanhare / tsamba / dzinouya dziri mumaoko) mukati maawa makumi maviri nemana (24) uye kupa mhinduro yakazara mukati memazuva matatu ekushanda kubva pazuva rainenge yagamuchirwa. Kana mhinduro yakazara isingakwanisi kupihwa mukati menguva yakatarwa, tichatumira mhinduro yenguva pfupi inoratidza kuti mhinduro yakazara ingatarisirwa rini.

d) Kune vanouya vasina kutizivisa, tichavapa rubatsiro zvine ruremekedzo uye tichavazivisa nguva yavanogona kumirira.

e) Kuona vatinoshandidzana navo vakapiwa nguva dzokuonekwa nekukurumidza uye munguva yakatarwa. Kana nguva ichifanira kuchinjwa kana kuti yanonoka zvisingadzivisiki, tichaedza kuzivisa watinoshandidzana naye nekukurumidza nenzira yakananga nepatinogona napo.

f) Kutumira zvinyorwa zvemitemo kuzvipandi mukati mesvondo rimwe chete zvapiwa mvumo yokushanda neMukuru weSainzi.

**Kuwana Rubatsiro**

a) Mahofisi edu achavhurwa kubva 8:00 mangwanani kusvika 4:00 masikati, Muvhuro kusvika China, uye 8:00 mangwanani kusvika 3:00 masikati neChishanu kunze kwemazuva ezororo revoruzhinji.
b) Pamunoshanyira mahofisi edu, achave akachena, akarongeka, uye achiwanikwa zviri nyore.
c) Mabhokisi ekugashira mazano akaiswa panzvimbo iri nyore paHofisi iri Pamuzinda Mukuru muHarare kuitira mashoko anobva kune vatinoshandidzana navo.

## Mhando yeRubatsiro

a) Kuvandudza hunyanzvi hwevashandi hunokwikwidza kuitira kusangana nezvinodiwa zveshanduko yakanangana nenharaunda dzine hupfumi huri pamusoro nepakati nepakati panosvika gore ra 2030 mukuzadzisa chirongwa chekumisikidza maindasitiri uye kuvandudza hupfumi pachishandiswa nzira dzamazuvano.
b) Kupa rukudzo uye kucherechedza vese vatinoshandidzana navo vari mukati nekunze.
c) Vanogamuchira vashanyi / vanyori vedu vachapfeka zvakanaka, vachigamuchira zvine ushamwari nokubatsira vatinoshandidzana navo nekukurumidza. Vachaona kuti vanotungamirira vatinoshandidzana navo kune vanogona kugadzirisa zvichemo zvavo nemazvo kana kuronga nguva yekusangana pazvinokodzera.
d) Tinoedza kuona kuti mabasa atinopa kune vatinoshandidzana navo / vanowaniswa mabasa ebetsero anoenderana nezvavanoda uye zvavanotarisira.
e) Kupa ruzivo rwakananga, rwechokwadi, rwakarurama, rwakadzama, uye rwakakodzera parwunokumbirwa.
f) Kuunganidza zvishandiswa zvakakwana zvetsvakurudzo, budiriro, uye hunyanzvi hutsva nokuzvigovera nekukurumidza.
g) Kusimudzira vatsva vane hunyanzvi hutsva, zvigadzirwa zvitsva, vatsvakurudzi, uye tsvakurudzo dzakanangwa.
h) Kufambisa kumisikidzwa kwedura rekuchengetera zvibvumirano zvekodzero dzekugadzira kubva mutsvakurudzo uye/ kana kuvandudza zvibvumirano zviripo.

### i. Kodzero neZvinotarisirwa Kuitwa neVatinoshandidzana Navo:

**Vanoshandidzana neCEIRD vane kodzero dzokuita zvinotevera:**

a) Kuwana rubatsiro rwakadzama, rakakodzera, rwunopiwa nemazvo, uye nekukurumidza.

b) Kuwana mhinduro panguva yakakodzera kumibvunzo nezvichemo.

c) Kuwana rubatsiro zvine ruremekedzo nguva dzese.

d) Kunzwika.

e) Kupa muono wavo.

f) Kupa zvichemo.

g) Kuchengetedzwa kwezvakavanzika uye kusazivikanwa.

h) Kubatwa zvakanaka, zvine kutendeseka, zvisina tsvete, zvine ruremekedzo nerukudzo.

**Zvinotarisirwa Kuitwa neVatinoshandidzana Navo**

a) Kusvika pazvirongwa zvakatarwa nokukurumidza.

b) Kushanda nevashandi vedu zvine ruremekedzo nehunyanzvi hwemashandiro akanaka.

c) Kutevedzera nokuremekedza matanho.

d) Kutipa mazano anokosha uye kurudziro dzekuvandudza mabasa edu.

e) Kupa muono pamusoro pemhando yemabasa tinokupai.

## 10. KUONGORORWA ZVAKARE KWEGWARO RECHIBVUMIRANO NEVATINOSHANDIDZANA NAVO

Gwaro rino rechibvumirano pakati peCEIRD nevainoshandidzana naro richaongororwa gore negore musi wa15 Zvita kuburikidza nehurongwa hwekubvunzurudza vose vatinodyidzana navo. Zvinobuda kuDhipatimendi roKuteverera neKuongorora zvichabetseredza mukuitwa kweongororo idzi, kuitira kuti Gwaro reChibvumirano iri rirambe richishanda, richitevedzera zvinodiwa, uye richishanda nemazvo.

## 11. KUBVUNZA KWEVATINOSHANDIDZANA NAVO (PANZVIMBO, PADANDEMUTANDE UYE / KANA ZVIRI MUMAOKO)

Tinokoshesa zvikuru rumbidzo yenyu, zvikumbiro zvenyu, uye mazano enyu. Muono wenyu unoshanda semunongedzo wemaitiro edu maringe nemhando yemashandiro edu, achititungamirira mukuvandudza mafambisirwo emabasa edu. Ndapota tumirai mashoko enyu kuMushandi A. Kana chichemo chisingakwanisi kugadziriswa padanho iroro, nyaya yacho inogona kuendeswa kuna Mukuru weSainzi weCEIRD. Nguva yakatarwa yekupindura mashoko anobva kune vatinoshandidzana navo yapihwa pamusoro.

Mushandi Anofambisa Basa: registrar@ceird.ac.zw

Mukuru weSainzi: chiefscientist@ceird.ac.zw

## 12. KERO DZEPATINOWANIKWA

**Kero yePanzvimbo:** Centre for Education Innovation Research and Development.

Kuwirirana House, 4th Floor

Cnr Angwa Street & T.G Silundika Ave,
Harare

**Kero yoKutumira:** Centre for Education Innovation Research and Development.

P.Bag CY 7732

Causeway
Harare

**Runhare:** 263 8677 009887;

**Dandemutande:** www.ceird.ac.zw